

BAB V

KACINDEKAN JEUNG REKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar hasil panalungtikan éfektivitas média komik dina ngaronjatkeun kaparigelan maca dongéng pikeun siswa kelas VII C SMPN 29 Bandung, taun ajar 2012-2013, bisa dicindekkeun kieu.

- 1) Kamampuh maca dongéng siswa kelas VII C SMPN 29 Bandung taun ajar 2012-2013, saméméh ngagunakeun média komik rata-rata siswa can mampuh (6,53) dina pangajaran maca dongéng. Sabada ngagunakeun média komik ningkat jadi mampuh (7,8);
- 2) Aya beda anu signifikan antara kamampuh maca dongéng siswa kelas VII C SMPN 29 Bandung taun ajar 2012-2013 saméméh jeung sabada ngagunakeun média komik salaku média pangajaranna. Siswa kelas VII C SMPN Bandung saméméh ngagunakeun média komik nya éta 38,70% geus mampuh, jeung 61,29% siswa acan mampuh kana pangajaran maca dongéng. Sabada ngagunakeun média komik, kamampuh siswa aya parobahan nya éta siswa anu geus mampuh dina pangajaran maca dongéng ngaronjat jadi 77,41% siswa anu can mampuh aya 22,58%.
- 3) Média komik bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa VII C dina pangajaran maca dongéng. Hal ieu dumasar kana parobahan pamahaman siswa kana unsur-unsur carita dina dongéng situ bagendit, aspek-aspek anu tadina ditafsirkeun aca mampuh ningkat jadi mampuh nya éta (1) pamahaman kana unsur tema ngalaman parobahan anu tadina 3,35 naek jadi 4,32; (2) pamahaman kana unsur galur tina 2,61 naek jadi 3,22 aspék anu tadina geus ditafsirkeun mampuh ogé ngalaman parobahan; (3) aspek pamahaman palaku atawa tokoh ngalaman parobahan tina 2 jadi 2,32; (4) pamahaman kana aspek latar naek tina 2 jadi 2,19.

Bisa dicindekkeun yén hipotesis kerja (H_a) ditarima jeung hipotésis nol (H_0) ditolak. Hal ieu nuduhkeun yén média komik éfektif pikeun ngaronjatkeun maca dongéng siswa kelas VII C SMPN 29 Bandung taun ajar 2012-2013. Tina uji hipotesis anu ngahasilkeun $t_{itung} > t_{tabel}$ nya éta $8,04 > 2,46$. Hartina média komik téh éfektif pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca dongéng.

5.2 Rekomendasi

Sabada dilaksanakeun panalungtikan ngeunaan kamampuh maca dongéng ngagunakeun média komik di kelas VII C SMPN 29 Bandung taun ajaran 2012-2013, aya sababaraha rekomendasi saperti di handap.

- 1) Média komik geus kabuktikeun éfektif bisa ngaronjatkeun kamampuh maca dongéng siswa kelas VII C SMPN 29 Bandung. Ku kituna média komik bisa digunakeun teu ngan saukur pikeun kamampuh maca dongéng hungkul, tapi guru mata pelajaran bisa ngagunakeun média komik pikeun ngaronjatkeun kaparigelan maca lianna;
- 2) Média komik anu digunakeun pikeun pangajaran maca diusahakeun kudu saluyu jeung jeung umur siswa;
- 3) Ayana panalungtikan nu leuwih ngeunaan média komik pikeun materi pangajaran nu lianna bisa leuwih ngabuktikeun kaéféktifan éta média;
- 4) Pikeun panalungtik anu saterusna dipiharep bisa leuwih asak deui dina ngarancang pangajaran ngagunakeun média komik salaku média pangajaran; jeung
- 5) Gunakeun ogé média pangajaran anu sejenna dina ngaronjatkeun kaparigelan maca dongéng di SMP/MTS.